



Odisyon Piblik Vityèl Sou Plannifikasyon

Amelyorasyon pou Pyeton ak Bisiklèt sou Wout 123

Brockton, MA ak Abington, MA

Sa k ap pase?

Gen yon odisyon piblik sou plannifikasyon k ap ògànize pou pataje enfòmasyon sou bati ak amelyore twotwa ak pasaj ankadre nan lari pou bisiklèt, sou yon segman 2.3 mil sou Wout 123. Pwojè a ap soti nan Cary Street / Lyman Street nan Brockton, pou rive nan Ashland Street nan Abington.

Ki konsekans sa pral genyen pou ou?

Lè travay la fini, sekirite pou pyeton ak bisiklèt sou Wout 123 pral amelyore. Pyeton yo pral kapab pase sou tout twotwa ak ranp sou kote lari. Entèseksyon avèk siyal ki la kounye a ant Wout 123 ak Quincy Street nan Brockton pral modènize.

Kilè

Jedi 28 jiyè 2026 a
6:00 pm

Pou Patisipe

www.mass.gov/orgs/highway-division/events



Pou MassDOT sèten moun ka patisipe fasil nan reyinyon li yo, li mete mwayen rezonnab: tradiktè, entèprèt, modifikasyon, akomodasyon, fòm altènatif, ak èd epi sèvis oksilyè. Pou mande sèvis sa yo, ou mèt kontakte Responsab pou Divèsite ak Dwa Sivik MassDOT la nan nimewo 857-368-8580 oubyen ale nan adrès MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us. Pou bay ase tan pou aranjman sa yo, tanpri fè demann ou pi bonnè ou kapab, si posib 10 jou anvan aktivite a.

Ou mèt mande enfòmasyon sou Pwojè a tou nan adrès elektwonik MassDOTProjectManagement@dot.state.ma.us. Si ou gen nenpòt deklarasyon ekri sou travay yo pwopoze yo, voye li nan adrès sa a: **Carrie A. Lavalley, P.E., Chief Engineer, MassDOT, 10 Park Plaza, Boston, MA 02116. Attention: Direksyon Pwojè. Nimewo Dosye Pwojè 609520**